


République du Sénégal



Ministère de l'Education nationale

Terminologie bilingue de l'enseignement-apprentissage de la lecture initiale

Wolof – Français

jëf j-	fitti	Action	Motivation
Motivation			weex
Changer			Évaluer
natt			Blanc
Démarche			Émergent
doxalin	janq b-	xiirtal g	Oralement
janq b-	Évaluer	ci wax	natt
Oralement			weex
soppi	jëf j-		Blanc
Changer	Fille	janq b-	Démarche
Blanc	soppiweex	Motivation	fitti
Action			weex
Fille			natt
Émergent			fitti
xiirtal g		Action	
soppi weex			
Démarche			
fitti ci wax		Action	
xiirtal g			
Fille			
Weex			
Émergent			
ci wax			
Changer			
fitti			
natt			

Cet outil sur la terminologie a été conçu et imprimé grâce à l'appui généreux du peuple américain
à travers l'Agence des Etats-Unis pour le Développement International (USAID).




USAID
DU PEUPLE AMERICAIN

LECTURE POUR TOUS

Vente interdite

République du Sénégal



Ministère de l'Education nationale

Terminologie bilingue de l'enseignement-apprentissage de la lecture initiale

Wolof-Français

Année 2020



Ce travail est disponible sous la licence Creative Commons Attribution 3.0 IGO. Sous cette licence, il est accordé le droit de copier, de distribuer, de diffuser et d'adapter ce Guide de l'enseignant(e) y compris à des fins commerciales selon les conditions énoncées sur le site électronique suivant : <https://creativecommons.org/>

AVANT-PROPOS

En élaborant cette *Terminologie*, dans le cadre du programme *Lecture Pour Tous*, le Ministère de l'Education nationale vise le renforcement du matériel didactique mis à la disposition des enseignant(e)s.

Tout exercice de production est une expérience de partition. Et cette partition est encore plus douloureuse lorsqu'il s'agit de puiser dans le génie créateur de deux langues de familles différentes pour produire un outil conceptuel à vocation didactique.

Mais les langues et les cultures n'étant pas superposables, le mode de construction et de fonctionnement de leurs outils conceptuels est inévitablement conditionné par les nuances et les différences qui caractérisent leurs typologies respectives et partant, leur logique.

C'est la raison pour laquelle l'élaboration de cette terminologie ne pouvait se faire sans une prise en compte des spécificités sémiologiques et grammaticales de l'une et l'autre langue en situation, pour traquer et identifier les termes et la phraséologie adaptés à l'interaction verbale entre l'enseignant(e) et l'élève durant le processus enseignement/apprentissage.

Elle est le produit du dépouillement des documents pédagogiques produits par *Lecture Pour Tous* enrichi d'autres éléments terminologiques jugés comme pertinents dans le contexte d'un enseignement/apprentissage de la lecture initiale en langue première.

La particularité majeure de cette terminologie réside dans le nombre consistant d'items retenus et les propositions d'exemples d'utilisation en contexte de classe.

Elle s'inscrit harmonieusement dans l'environnement déjà assez riche des écrits dédiés à la valorisation et l'introduction des langues nationales à l'élémentaire.

Elle constitue par ailleurs un outil dont les contenus sont parfaitement en congruence avec la bigrammaire produite par *Lecture Pour Tous*.

Au moment où le Ministère de l'Education nationale s'oriente résolument vers l'implémentation d'un modèle harmonisé d'enseignement bilingue, cette terminologie se positionne comme une contribution majeure qu'il faut considérer comme un outil expérimental.

Le feedback des acteurs qui auront à en faire la mise en œuvre permettra, à coup sûr, de l'améliorer.



FRANÇAIS	WOLOF	EXEMPLES
A		
A côté de	Ci wetu	Astu, taxawal ci wetu Aadama.
À ton tour	Leegi, yaw la !	Nafi, leegi, yaw la.
Abréviation	Gàttal b-	Lii ab gàttal la.
Accent	Yat/Yet w-	Baat bi amul yat.
Accent aigu	Yatu/Yetu càmmooñ	Defal ci baat bi yetu càmmooñ
Accent grave	Yatu/Yetu ndeyjoor	Baat bi, yetu ndeyjoor lay am.
Accompli	Sotti	Sottilal kàddu gi.
Accord	Dëppoo g-	Defal sa xel ci dëppoog ñaari baat yi.
Accorder	Dëppale	Dëppaleel ñaari baat yi.
Achever	Àggale	Àggaleel kàddu gi.
Acquisition	Dal b-	Tey, sunu dalu njàng dafay ànd ak pàttali.
Action	Jëf j-	Sa jëf ji baaxul.
Activité	Yëngute b-	Mbind mooy sunu yënguteb tey.
Adjectif	Màndarga tur	Booy nataal, dangay jëfandikoo màndargay tur.
Adjectif démonstratif	Màndarga joxoñ g-	Booy wone mbir, dangay jëfandikoo màndarga joxoñ.
Adjectif exclamatif	Màndarga jalu g-	Ngir wone sag waaru , mën ngaa jëfandikoo màndarga jalu.
Adjectif interrogatif	Màndarga laaj g-	Booy laaj, dangay jëfandikoo màndarga laaj.
Adjectif numéral cardinal	Màndarga lim g-	Booy natt, dangay jëfandikoo màndarga lim.
Adjectif possessif	Màndarga momale g-	« Son » màndarga momale la.
Adjectif qualificatif	Màndarga melool b-	Màndarga melool ci tubaab la am. Wolof am waxe melool.
Adverbe	Mbootalu waxe g-	« Lool » mbootalug waxe la.
Affichage	Tafu yëgle g-	Su ngeen bëggee seen mbir mi siiw, fàww seen tafu yëgle gi yaatu.
Affiche	Kayitu yëgle g-	Tey, dañuy jäng nu ñuy binde kayitu yëgle.
Affirmation	Dëggal g-	Lii mooy dëggal gi.
Affixe	Sëf b -	« Al » sëf la ci biir baatu « dëggal ».
Aigle	Jaxaay j-	Momar tegal sa baaraam ci sàppe si doore jaxaay ji.
Ainsi	Noonu...	Noonu, mu daldi ko baal.
Aller à la ligne	Dooraat sàppe	Nanu dooraat sàppe !
Aller à la page ...	Dem ci xët ...	Nanu dem ci xëtu ñaareel wi.
Alors	Ci noonu	Ci noonu, Bukki daldi daw wuti àll ba.
Alphabet	Abajada b -	Xoolleen àlluwa ji ñu bind abajadab wolof.
Alternance codique	Kuutalanteg lakk g-	Nanu moytu kuutalanteg lakk gi ci njàngale mi.
Alternance consonantique	Kuutalanteg coowe g-	Wolof dina jeriñoo kuutalanteg coowe ngir soppi xeetu baat.

Amorcer	Door	Tey lanuy door njàngum sàllu kanaara.
Anagramme	Kàll w -	Mën ngaa tègg baat yu bar ci wenn kàll wi.
Analyser	Càmbar	Nanu càmbar jukki bi !
Animal	Mala w-	Mala yi ñu nataal ñooy yombal njàng mi ci téere bi.
Année	At m-	At mii, noo ngi ci yéen ñaar.
Ânoner	Ijjantu	Póol, yow booy jàng, dangay ijjantu ba tey.
Antécédent	Kuuteef	Baat bii mooy kuuteefu « ñoom ».
Anticiper	Jiitu	Ku mën a jiitu jeexitu nettali bi ?
Antonyme	Safaan w-	« Bon » mooy safaanu « baax ».
Août	Ut	Weeru ut dina fekk ekool tèj.
Aperture	Dayo ubbeeku gémminiñ	« A » ak « À » bokkuñu dayob ubbeeku gémminiñ.
Apostrophe	Cof g -	Fàtte nga cof gi ci sa mbindum tubaab mi.
Appariement	Lékkale g -	Lékkaleel baat yi ni mu waree.
Appeler	Woote/Woowe	Woowal sa natàngoo yi, nu tàmbali njàng mi.
Application	Njëfe l-	Leegi li des mooy njëfe li.
Appliquer (s'-)	Teeylu	Mati, teeylul booy bind !
Apprécier	Joxe sa xalaat	Joxeleen seen xalaat ci seen tontu natàngoo bi.
Apprenant	Njàngaan b-	Njàngaan dafay yaru te farlu.
Apprendre	Jàng	Tey, dañuy jàng jukki bu bees.
Apprendre par cœur	Mokkal	Dangeen war a mokkal sàppe sii sépp.
Apprentissage	Njàng m-	Teewluleen njàng mi tàmbali na.
Approche	Doxalin w-	Doxalin leeg-leeg mu wuute.
Après	Gannaaw loolu	Gannaaw loolu, Lèg daldi gélëmal Bukki.
Ardoise	Àlluwa ju ndaw	Génneleen seen àlluwa ju ndaw !
Argument	Lay w-	Wan lay a waral li nga def nii ?
Article	Màndarga tur	Wolof ak tubaab bokkuñu màndargay tur.
Articuler	Wax bu leer	Waxal bu leer araf yi !
Aspect	Sottin b-	Waxe yi ci jukki bi bokkuñu ay sottin
Aspect imperfectif	Sotteedi	Jëf ji dafa taxaw taxawaayu sotteedi.
Aspect perfectif	Sotti	Jëf ji dafa taxaw taxawaayu sotti.
Aspect verbal	Sottinu waxe	Sottinu waxe yi lu jar a seetlu la.
Association syllabique	Tèggum baat g-	Leegi danuy door tèggum baat g-.
Atelier	Kureelu liggeey g-	Ndax kureelu liggeey gu nekk xam na li ma ko sas ?
Attribut	Péetale b-	Tur wii dafa am ab péetale.
Au milieu	Ci digg b-	Won ma dogu baat bi ci digg bi.
Au moins	Gën-gaa néew	Bindleen gën-gaa néew ñaari kàddu.
Au plus	Gën-gaa bari	Bindleen gën-gaa bari juroomi kàddu.

Au-dessous	Ci suuf	Tegal sa baaraam ci suufu kàddu gi.
Au-dessus	Ci kaw/kow	Tegal sa baaraam ci kaw nataal bi.
Aujourd'hui	Tey	Tey lanuy door a tèggatu ci nàmm déggin.
Auteur	Bindkat b-	Ndax joxe nañu turu bindkat bi ?
Autocorrection	Njubbantiku	Ku nekk ci yeen na jublu leegi ci njubbantikoom.
Auto-évaluation	Nattu	Ku nekk ci yeen war naa mën di nattu.
Avant-hier	Bérki-démb	Bérki-démb la téere yi ñëw.
Avis	Gis-gis b-	Ku nekk ci yeen na joxe gis-gisam ci laaj bi.
Avril	Awril	Weeru awril am na bér.
B		
Bande dessinée	Nataalu nettali	Xoolleen bu baax nataalu nettali bi.
Barre oblique	Rëdd wu daar	Rëdd wu daar moo teqale ñaari baat yi.
Barrer	Far	Farleen li ngeen bind ci seeni àlluwa.
Bas de la page	Suufu xët w-	Xoolleen lim bi ci suufu xët wi.
Beaucoup	Bari	Sant lu bari !
Bec de canard	Sàllu kanaara w-	Tey danuy jàng sàllu kanaara.
Bibliothèque	Sàqum téere	Ekool bi war naa am sàqum téere.
Binôme	Ñaar-ñaar	Toogleen ñaar-ñaar.
Blanc	Weex	Xëti kaye bi dañoo weex.
Bleu	Bulo	Bindal ak sa big bu bulo.
Boîtes à syllabes/à tamponner	Boyeti dogi baat/ Tàmpoñ	Nañu dellu ci xët mi boyeti dogi baat yi nekk.
Bulle (d'une bande dessinée)	Këmbu kàddu g-	Nataalu nettali dafay am ay këmbi kàddu.
Bureau	Biro b-	Jëlal dogatu kew ci boyet bi ci kaw biro bi.
But	Jëmu g-	Nit lu muy def dafa war a am jëmu.
C		
C'est bien !	Waaw góore/kumbaa waay !	Waaw kumbaa waay, Ayda !
Cahier	Kaye b-	Génneleen seen kayeb mbind.
Cahier de récits à lire à haute voix	Téere nàmm déggin b-	Tey la talaata, téere nàmm déggin bi lanuy jànge.
Cahier de rédaction	Kaye mbind b-	Génneleen seen kayeb mbind te door liggeey bi.
Calendrier	Arminaat b-	Arminaat bii weesu na ; fokk nu wut bu at mii.
Calligraphie	Mbindum rafetal m-	Tey danuy door njàngum mbindum rafetal.
Camarade (de classe)	Nàttangoo	Ku ci nekk nay dimbali ay nàttangoom.
Canard	Kanaara g-	Jàngal sàppe si ci kanaara gi !
Canne	Balamaan b-	Lii balamaan wu juutu la.
Caractéristiques d'un texte	Màndargay jukki	Danuy jéem a génne màndargay jukki bi.
Carré	Koñ-ñeent b-	Tàmbalil jàng ci sàppe si tolloo ak koñ-ñeent bi.
Carton mot	Tiket b-	Jàngal araf wi ci tiket bi.

Cérémonie	Xew-xew	Ban xew-xew la jukki bi di nettali ?
Chameau	Gileem g-	Tàmbalil jàng ci sàppe si tolloo ak gileem gi.
Changer	Soppi	Siidi, soppil mbindin.
Chanson de l'alphabet	Woyu abajada w-	Ku mën woyu abajada wi ?
Chanter	Woy	Silwi ku mën a woy la.
Chat	Muus m-	Tàmbalil jàng ci sàppe si tolloo ak muus mi.
Chercher	Seet	Seetleen turi nit yi nekk ci jukki bi.
Cheval	Fas w-	Tàmbalil jàng ci sàppe si tolloo ak fas wi.
Chèvre	Béy w-	Tàmbalil jàng ci sàppe si tolloo ak béy wi.
Chien	Xaj b-	Tàmbalil jàng ci sàppe si tolloo ak xaj bi.
Chiffon	Fompukaay b-	Tooyalleen seen fompukaay yi !
Chiffre	Limukaay b-	Kàddu gu nekk dafa ànd ak limukaay.
Choisir	Tànn	Tànnal tontu li gën a jub.
Chose	Mbir m-	« Taabal » turu mbir la.
Chronométrier	Natt diir	Damay natt sa diiru njàng.
Cinq	Juroom	Juroomi simili laa la may.
Cinquième	Juroomeel	Jàngal juroomeelu sàppe si.
Classe	Kalaas b-	Baleleen kalaas bi.
Classe nominale	Giiru tur g-	« Màngo » ak « guy » ñoo bokk giiru tur.
Classer	Giiral	Giiralal waxe yii may waaj a lim.
Classificateur	Giiralukaay g-	CI « xale b- », « b- » giiralukaay la.
Cocher	Ñaas	Ñaasal tontu li jub.
Code	Sàrt b-	Làkk wu nekk dafay dox ci sàrt.
Cœur	Xol b-	Jàngal juroomeelu sàppe si tolloo ak xol bi.
Coin de lecture	Ruqub njàng b-	Jëlleen téere tànk-ndànk yi ci ruqub njàng bi.
Collectif	Mbooloo	Nanu ko jàng njàngum mbooloo.
Colonne	Raj b-	Jàngal dogu baat yi ci raju bidiiw bi.
Colorier	Suub	Suubal nataal bi.
Combien de fois ?	Ñaata yoon ?	Ñaata yoon lanu am ay waxe ci kàddu gi ?
Combinatoire	Njàngum boole	Tey lanuy tàmbali njàngum boole.
Combiner	Boole	Boleel araf yi te nga wax ban dogu baat nga am.
Commencer	Tàmbali	Tàmbalil ci boppu xët mi.
Commencer à lire	Tàmbalee jàng	Tey lanuy tàmbalee jàng boole ay dogi baat.
Comment	Naka	Naka la jukki bi tëddee ?
Nom commun	Turu bokkoo	« Xaj » turu bokkoo la.
Communication écrite	Jokkoo ci mbind	Njàng ci fànnu jokkoo ci mbind la bokk.
Communiquer	Jokkoo	Jokkoo mooy dindi réeroo
Comparer	Méngale	Méngaleleen ñaari araf yi !

Compétence	Manoore g-	Am manoore ci jàng lu baax la cib ndongo.
Compétence de base	Manoore gu lalu g-	Manoore gu lalu gee ngi ñu bind ci gindikukaay bi.
Complément	Mottal b -	Lan mooy mottalu baat bii ?
Complément circonstanciel	Mottalu anam b-	Wëraleel mottal-anam gi ci kàddugi.
Complément d'objet	Mottal-mbir b-	Mottal-mbir bi dafay leeral li waxe biy gaaral.
Complément de verbe	Mottal waxe b-	Mottal-waxe ay xeet yu bari la.
Complément du nom	Mottal tur b-	Mottal tur bi dafay leeral ni tur bi taxawee ci kàddu gi.
Compléter	Mottali	Mottalil kàddu gi ak benn ci baat yii.
Composante	Pàcc b-	Njàng daanaka juroomi pàcc la.
Compréhension	Dégg- dégg	Dégg- dégg mooy li gën a am solo ci njàng.
Compréhension à l'audition	Déggin	Déggin am na solo lool ci njàng.
Compréhension de l'écrit	Dégginu mbind	Dégginu mbind dafay laaj nga yore ab téere.
Comprendre	Dégg	Nanu fexe ba ñépp dégg jukku bi.
Compte-rendu	Saabab b-	Nguuda, defal nu saabalu li nga jànge ci jukki bi.
Compter	Waññi	Nanu waññi dogi baat yi !
Comptine	Woyu xale w-	Woyu xale wii dañu koo tègg ci arafu « a ».
Conclure	Daaneel	Daaneelal sa wax.
Confirmer	Dëggal	Luy dëggal li Faatim wax ?
Conforme	Dëppoo	Li nga def dëppoo na ak li ma la sant.
Conjonction	Lekkalekaay g-	Lekkalekaay, baat buy boole ay baat la.
Conjonction de coordination	Lékkalekaayu maas g-	Lékkalekaayu maas, baat buy boole ay baat yu bokk giir la.
Conjonction de subordination	Lékkalekaayu topp g-	Lékkalekaayu topp dafay gën a leeral wax.
Conjugaison dialoguée	Demalinu waxe wu sukkandiku ci waxtaan	Leegi dangeen di sóobu ci demalinu waxe wu sukkandiku ci waxtaan.
Conjugaison	Demalinu waxe w-	Mokkal demalinu waxe ci jamono yépp mooy yombal sam njàng
Conjuguer	Demal waxe	Nafi, demalal waxe wi ñu réddsufal ci jamanoy weesu.
Connecteur logique	Jokkalekaay-jaadu b-	Jokkalekaay-jaadu yee tax xalaat yi toftaloo ni mu waree ci jukki bi.
Connecteur temporel	Jokkalekaay-jamono b-	Jokkalekaay-jamono yee tax ba xew-xew yi tegaloo ni mu waree ci jukki bi.
Conscience phonologique	Yëg-yëgu ndégtu g-	Yëg-yëgu ndégtu mooy laltaayal njàngum iiji.
Consigne	Ndigal l-	Dégluleen ndigal yi bala ngeen di tàmbali liggeey bi.
Consolidation	Ndëgaral g-	Léegi, dama leen di jox liggeeyu ndëgaral.
Consonne	Coowe b-	Yan coowe ngeen xam ?
Consonne de classe	Arafu giiral tur w-	Arafu giiral tur dina tax ñu ràññee baat.
Consonne géminée	Seexu coowe	Seexu coowe, ñaari coowe yu nuroo lay taxawe.
Consonne pré-nasale	Coowe nasal b-	« mb », « nd », « nt », añs ay coowey nasal lañu.

Construire	Tëgg	Tëggal ma ab dogu baat ak araf yii ma lay jox.
Conte	Léeb w-	Tey dama leen di dégtal aw léeb.
Contexte	Sabab b-	Jàngleen bu baax sabab bi ak ndigal li laata ngeen di tàmbali liggeey bi.
Continuer	Wéyal	Wéyal sam njàng !
Contraire	Safaan b-	Ku ma mën a jox safaanu « dem » ?
Contrat d'écoute	Jaayante ci déglu	Dama bëgg nu jaayante ci déglu.
Contrôler	Leerlu	Ci kanam tuuti, dinaa leerlu liggeey bi.
Conversation	Waxtaan w-	Ayca, nu tàmbali waxtaan wi !
Coordination	Lékkale g-	Saytu lëkkaleg baat yi ci biir jukki bi dina tax nga gën koo dégg.
Copie dos retourné	Dummooyu sotti	Leegi nag, li nuy def moo tudd « dummooyu sotti ».
Copie effacée	Far sotti	Leegi nag li nuy def moo tudd « far sotti ».
Copie guidée	Sukkandiku sotti	Leegi nag li nuy def moo tudd « sukkandiku sotti ».
Copier	sotti	Sottileen kàddu gi ci seen i àlluwa.
Coq	Séq g-	Tàmbalil jäng ci sàppe si janoo ak séq gi.
Corpus	Mbindum sukkandiku m-	Nanu càmbar mbindum sukkandiku mi ci àlluwa ju mag ji.
Correct	Jub	Anta, sa tontu jub na lool, waaw kumba !
Correctement	Ni mu waree	Sottileen kàddu gi ni mu waree ci seen àlluwa.
Correcteur	Jubbantikat b-	Jubbantikat bi dafa war a topp bu baax li nàttangoom bi di jäng.
Correction	Njubbanti g-	Nanu sóobu ci njubbanti gi.
Correspondance épistolaire	Bataaxal b-	Jot nanu bataaxal bu jóge ci ekolu Mbadaxun.
Corriger	Jubanti	Jubantil li nga bindoon.
Couleur	Wirgo w-	Lan mooy wirgow téere tànk-ndànk yi ?
Cour de l'école	Ēttu ekool b-	Buleen génn ēttu ekool bi ci jamanoy noppalu ji.
Court (texte)	Gàtt	Leegi dama leen di jox jukki bu gàtt, ngeen sotti ko ci seen àlluwa.
Couverture (livre)	Feggu w-	Nangeen wutal seen téere yi ay feggu.
Craie	Kew g-	Ndax ku nekk ci yeen am na dogitu kew ?
Crayon	Kiryorj b-	Bindleen njéem gu jëkk gi ak kiryorj.
Crayon de couleur	Kiryorju wirgo b-	Booy nataal, danga war a am ay kiryorj wirgo.
Crayon noir	Kiryorj bu ñuul	Booy nataal, danga war a am ab kiryorj bu ñuul.
Crier (scander) des syllabes	Sab ay dogi baat	Nanu sab dogi baat yi.
Crochets	Këmbi lonk y-	Këmbi lonk mooy ndar kepp loo yokk ci waxi jämbur yooy gaaral.
Croissant lunaire	Weer w-	Tàmbalil jäng ci sàppe si janoo ak weer wi.
Croix	Ñaas w-	Defal aw ñaas ci suufu baat bi nga tànn.
Cuillère	Kudd g-	Tàmbalil jäng ci sàppe si janoo ak kudd gi.
Cursive	Mbindum taqale m-	Jéemal a sotti kàddu gi ci mbindum taqale.

D		
Dans l'ordre	Ni mu waree	Jàngal baat bi ni mu waree.
Date	Bés b-	Ban bés lanu ne tey ?
De ta place	Fi nga toog	Musaa, fi nga toog, jàngal ma kàddu gii ci àlluwa ju mag ji.
De votre place	Fi ngeen toog	Fi ngeen toog, jàngleen kàddu yii ci àlluwa ju mag ji.
Débat	Weccante xalaat	Tey danoo am weccante xalaat ci nu nuy saytoo téere kér yi.
Débit de lecture	Xellinu njàng w-	Bàyyil xel bu baax ci sa xellinu njàng.
Debout !	Jógleen !	Jógleen !
Début	Ndoorte l-	Lu ñu wax ci ndoortel jukki bi ?
Débutant	Aji-door g-	Binta, gis naa ni aji-door nga ci njàngum baat.
Décembre	Desambar	Desambar mooy weer wi mujj ci atum tubaab.
Déchiffrer	Ijji	Jéemal a ijji baat bi.
Décodabilité	Dayob ijjiwu b-	Jukki yi nekk ci téere bi dañoo am dayob ijjiwu bu mag.
Décodable	Ijjiwu g-	Ijjiwu gi tax na jukki bi naqariwul a jàng.
Décodage	Ijji g-	Ayca, nu door ijji gi !
Décoder	Ijji	Jéemal a ijji dogu baat bi.
Décomposer	Fecci	Ku mën a fecci baat bii, def ko ay dogi baat ?
Découper	Dogat	Ku mën a dogat baat bii, def ko ay dogi baat ?
Découvrir	Feeñal	Nanu jéem a feeñal xalaat bi gën a fës ci pàccu jukki bi.
Décrire	Melool	Meloolal aw mala woo miin.
Définir	Tekki	Tekkil ma baat bii.
Définition	Tekki m-	Tekkim baat bu jëmmuwul yombul.
Dehors	Ci biti	Génnal ci biti xool lu xew ci éttru ekool bi.
Demain	Suba/ëllëg	Ëllëg dinanu door njàngum dogi baat.
Demander	Laaj	Laajal sa nàttangoo yi ku la mën a abal bindukaay.
Demander la permission	Tàggoo	Laata ngay génn kalaas bi, danga war a tàggoo.
Démarche	Doxalin	Doxalin wu leer baax na lool.
Démontrer	Wone	Teewluleen ma wone ni ñuy defee sàllu kanaara !
Dénouement	Daaneel b-	Lan mooy daaneelu nettali bi ?
Dernier	Mujj	Lan mooy baat bi mujj ci kàddu gi ?
Déroulement	Doxalin	Ku mën a waxaat doxalin wi ?
Derrière	Ci ginnaaw	Yeen ñi tooge ci ginnaaw, ndax yeen a ngi gis li ma bind ?
Description	Melool g-	Doorleen melool gi.
Désigner	Tànn	Kureelu liggeey gu nekk na tànn njiit.
Désordre	Njaxasoo g-	Ag njaxasoo am na ci baat yii ; toftalewaat leen ni mu waree.

Dessin	Nataal b-	Misel, sa nataal bi dëppoowul ak ndigal li.
Dessiner	Nataal	Nataalleen meññeef bu leen soob.
Déterminant	Toftal b-	Tur mën naa am toftal ci tubaab ak ci wolof.
Déterminant nominal	Toftalu tur b-	Rëdd-suufalleen toftalu tur yi ci kàddu gi.
Deux	Ñaar	Bindleen ñaari kàddu ci seen àlluwa.
Deuxième	Ñaareel	Jàngleen njàngum yelu ñaareelu pàccu jukki bi.
Devant	Ci kanam	Mustafaa, demal toog ci kanam.
Deviner	Jëli	Ku mën a jëli daaneelu nettali bi ?
Devinette	Cax w-	Ku mën a firi cax wii may waaj a wax ?
Devoir	Liggeey b-	Aywa, doorleen liggeey bi !
Dialoguer	Waxtaan	Waxtaanleen ngir génne demalinu waxe wi ci jamanoy teew.
Dictée	Fite b-	Jëlleen seeni kew ak seeni àlluwa, nu def ab fite.
Dicter	Fite	Dégluleen bu baax ma fite leen kàddu gi !
Dictionnaire	Sàqum baat m-	Mën ngeen a gis li baat yi di firi ci sàqum baat mi.
Différence	Kuute g-	Bàyyileen bu baax xel ci kuuteg ñaari baat yii.a
Difficile	Jafe	Yan ñooy baat yu jafe yi ?
Difficulté	Jafe-jafe b-	Sooda, danga am jafe-jafe lool ci ijjii.
Dimanche	Dibeer g-	Dibeer, kenn du liggeey.
Discipline	Fànnu njàng w-	Dinanu liggeey ci fànni njàng yu bari.
Discuter	Weccante xalaat	Weccanteleen xalaat ci seen biir kureelug liggeey.
Distinguer	Ràññatle	Ràññatleleen bu baax tur ak waxe.
Distribuer	Joxe	Moor, Nogay ak Sabel, joxeleen téerey kalaas yi.
Dix	Fukk	Limalleen ma fukki baat.
Dix-huit	Fukk ak juroom-ñatt	Bindalleen ma fukk ak juroom-ñatti araf.
Dix-huitième	Fukk ak juroom-ñatteel	Jàngalleen ma fukk ak juroom-ñatteelu araf bi ci lim bii.
Dixième	Fukkeel	Jàngalleen ma fukkeelu baat bi ci lim bii.
Doigt	Baaraam b-	Tegal sa baaraam ci li ngay jàng.
Domaine	Fànn w-	Njàng ci fànnu Jokkoo ak mbind la bokk.
Donc	Kon	Danga war a baamtuaat li may wax, kon déglul bu baax.
Donner	Joxe	Joxeel misaal ci li ngay wax.
Donner un ordre	Digle	Defleen li ma digle.
Définition simple d'un mot	Tekkim baat mu jàppandi	Ci fànnu sàqum baat, am na pàcc mu ñu jagleel tekkim baat mu jàppandi.
Dos (livre)	Ginnaaw (téere) g-	Lii mooy ginnaawu téere bi.
Doubler	Ñaarcaal	Araf wu ñu seexal danga koy ñaarcaal ci bind.
Douze	Fukk ak ñaar	Limal fukk ak ñaari araf yi njëkk ci abajada gi.
Douzième	Fukk ak ñaareel	Waxal fukk ak ñaareelu arafu abajada gi.

Drapeau	Raaya w-	Danoo war a weg raaya réew mi.
Droite (latéralisation)	Ndeyjoor	Booy jàng, dangay dore càmmooñ jém ndeyjoor.
Gauche (latéralisation)	Càmmooñ	Booy bind, dangay doore càmmooñ jém ndeyjoor.
Durée	Diir b-	Jàngal kàddu gi ci diir bu gàtt.
Dyade (lecture en)	Njàngum pélloo	Jàngleen jukki bi ci njàngum pélloo.
E		
Échanger	Weccoo	Weccooleen seeni bind laata ñuy dugg ci njubbanti gi.
École	Ekool b-	Ekool bi set na lool !
Écouter attentivement	Teewlu	Teewluleen ma jàngal leen nettali bi.
Écrire	Bind	Bindleen mbind mu leer te jub.
Écriture	Mbindin m-/Mbind m-	Bindleen mbindin mu mucc ayib.
Écriture calligraphique	Mbindum taaral m-	Tey mbindum taaral lanuy def.
Écriture expressive	Nasum mbind m-	Tey danuy tåggatu ci nasum mbind.
Écriture orthographique	Mbind mu jub m-	Mbind mu jub dafa baax ; dafa laaj sàmmonte ak sàrt yu bari.
Éducation	Yar b-	Yar bu baax amul lu ko gën ci àddina.
Éduquer	Yar	Wax ma ku la yar, ma wax la sa jikko.
Effacer	Far	Farleen li ngeen bindoon.
Effectuer	Def	Defleen liggeey bi ci seen kaye.
Élaborer	Tëgg	Tëggal ñetti kàddu melool ci seen ekool.
Éléphant	Ñey w-	Tegal sa baaraam ci suufu ñey wi.
Élève	Elew b-	Na elew bu nekk ubbi téereem.
Émergent	Fitti	Am na elew yuy door waaye am na ñu tollu ci fitti.
Empan de lecture	Këmbu bët b-	Tey, danuy jàng nu nuy def ba yaatal sunuy këmbi bët.
Emploi	Njëfandiku g-	Leegi nag, danuy dem ci njëfandikug baat yi nu jàngoon.
Emploi du temps	Arminaatu njàng b-	Xoolleen seen arminaatu njàng, wax ma kañ ngeen am nasum mbind.
Employer	Jëfandikoo	Jëfandikool baat yi ci ag kàddu.
En bas	Ci suuf	Tegal sa baaraam ci suuf.
En face	Janoo	Jàngal kàddu gi janoo ak biddiw bi.
En haut	Ci kaw/kow	Jàngal kàddu gi ci kaw.
En même temps	Ci jenn jamono	Ayca, nanu ko yëkkëteendoo ci jenn jamono !
En paire	Ñaar- ñaar	Àndandooleen ñaar-ñaar, jàng ca kaw, ma dégg.
En rang	Rajaloo	Elew yaa ngi rajaloo ci buntu kalaas bi.
Encadrer	Koñ-ñeental	Koñ-ñeentalal waxe yi nekk ci kàddu gi.
Encourager	Ñaax	Maa ngi leen di ñaax bu baax ; nangeen gën a farlu.
Enfant	Xale b-/Gone g-	Gone yaa ngi ci ètt bi.
Enfin	Ca mujj ga	Ca mujj ga, ku nekk dellu këram.

Enlever	Dindi	Dindil li nga defoon.
Énoncé	kàddu	Ay kàddoo ngi nii, càmbar leen ba xam.
Énonciation	Waxin w-	Nu waxin wi mel ?
Enrichir	Ful	Bindaatleen kàddu gi te ful ko.
Enseignant	Jàngalekat b-	Ñépp a war a weg jàngalekat.
Enseignement	Njàngale m-	Njàngale mi « Porogaraam Na Ñépp Jàng » indi am na solo.
Enseignement explicite	Njàngale mu leer m-	Ci njàngale mu leer mi lanuy sukkandiku.
Enseigner	Jàngale	Kiy jàngale, kenn mënu koo fay.
Ensemble	Waxandoo	Ayca, nu waxandoo ko !
Ensuite	Ginnaaw ga	Ginnaaw ga, elew ya dellu raj, duggaat kalaas.
Entourer	Wérale	Wéraleel jokkalekaay yu jaadu yi ci jukki bi.
Entre	Diggante	Defal rëddu boole ci diggante ñaari baat yi.
Parenthèses	Këmbu xala	Jàngal baat bi ci këmbu xala gi.
Environnement	Kéew g-	Ñépp a war a sàmm kéew gi.
Épeler	Benn-bennal	Baamtul baat bi benn yoon ; soo noppee, nga benn-bennal ko.
Éponge	Fompukaay b-	Séppal fompukaay bi ci ndox mi.
Épreuve	Nattukaay b-	Defar nanu ay nattukaay ngir xool ndax mokkal ngeen.
Erreur	Njuumte l-	Jëlal big bu xonq, nga wérale njumte yi.
Espace (une)	Diggante b-	Bàyyil ab diggante ci baat bu nekk ak moroomam.
Essai	Njéem m-	Li nga bind ci njéem mu jékk mi am na ay njuumte.
Essayer	Jéem	Jéemal a defar ag kàddu gu am mottal ci sa kaye.
Est (orientation)	Penku	Ci suba gi, maa ngi séen jant bi ci penku.
Étape	Jéego b-	Tey, li ma leen di jàngal am na ñetti jéego.
Etc.	Añs.	Gaynde, bukki, segg, golo, kéwel, añs. ci malay àll yi lañu bokk.
Étiquette	Tiket b-	Jàngal baat bi ñu bind ci tiket bi.
Etoile	Biddiw b-	Jàngal ci kaw sàppe bi am biddiw bi.
Étudier	Jàng	Jàngal bu baax ndax nga am ndam ci njonjante li.
Évaluation	Natt b-	Leegi nag, jëlleen seen kaye tåggatu, nu dem ci natt bi.
Évaluation formative	Nattub joyyanti b-	Saa su ngeen jàngée lu am solo, dinanu amal nattub joyyanti.
Évaluation prédictive	Nattub fagaru b-	Balaa njàng mee door, dinanu amal nattub fagaru.
Évaluation sommative	Nattub tèj b-	Su njàng mi matee, dinanu amal nattub tèj.
Évaluer	Natt	Dinaa leen natt, su lesor bi di jeex.
Évènement	Xew-xew b-	Bindal ab jukki, nettali ci xew-xew bu mag.
Excellent!	Waaw góore/kumbaa waay !	Waawleen góor, waaw leen kumba !
Exclamation	Jalu b-	Jalu bi ñu dégg de, Kumba mi jaaxle la.

Exemple	Misaal m-	Misaal mi Wiktoor joxe gën naa leeral wax ji.
Exercer (s')	Tàggatu	Ku bëgg a gën a mën li ngay jàng, deel tàggatu.
Exercice	Tàggatu g-	Ci juroomi simili, defleen tàggatu gu jëkk gi, ma xool.
Expansion	Yaatal g-	Kàddu gi, am na yaatal gu ngeen ci war a def ; yokkleen ci ay mottal.
Entrainement	Tàggatu g-	Tàggatu gi dina dëgëral li ngeen jàng.
Mise en situation	Cóobute g-	Njàngale mi danu koy doore ci ag cóobute.
Substitution	Kuutu g-	Dama leen di jox ab liggeey ci kuutug baat yi.
Exercice structural	Liggeeyu róofale b-	Liggeeyi róofale yi dinañu tax ngeen gën a mën lakk wi.
Explication	Leeral g-	Dina leen defal ag leeral ci li ngeen ràññeeuwul.
Expliquer	Leeral	Kan moo mën a leeral baat bi ?
Exploitation	Parampàcce g-	Parampàcceg jukki bi am na solo lool.
Exploiter	Faramfàcce	Faramfàcceel ma li Badu tontu.
Exposer	Gaaral	Waa góornamaļu ekool bi gaaralal naňu direktéer jafe-jafey elew yi.
Expression	Wax j-	Musaa moom, waxam ji leer na lool.
Expression écrite	Wax ci mbind	Wax ci mbind dina leen dimbali ci nasum bind.
Expression orale	Wax ci kàddu	Wax ci kàddu dina tax nga gën a mën a jëfandikoo lakk wi.
Exprimer	Wax	Waxal ci xew-xew bi ; lu ciy sa xalaat ?
Extérieur	Biti b-	Biti bi moo gën a yaa biir gi.
Extraire	Seppi	Seppil baat bi bokkul ci mboole mi.
Information implicite	Xibaar bu fésadi	Danuy jàng ni ñuy feeñalee xibaar bu fésadi ci ab jukki.
Extrait	Jukki b-	Jukki bii ci téere tànk-ndànk bi la bokk.

F

Fable	Léebu rab w-	Tey, aw léebu rab lanuy jëfandikoo ngir jàng jukki nettali.
Face du manuel	Kanamu téere g-	Kanamug téere bi am na ab nataal.
Facile	Yomb	Picc yi, biddiw yi, weer yi, jant yi ci téere yi dañuy tax xàmmee yi yomb.
Faire attention	Def ndànk	Def leen ndànk !
Faire une inférence	Soqi	Jàngaatal jukki bi te soqi ci tontu li jub.
Fait divers	Xew-xewu jamono	Sunu jukkib tey bi, mu ngi wax ci ab xew-xewu jamono.
Familier	Miinu	Joxleen ma ay baat yu miinu.
Faute	Yàq g-	Kàddu yi ngeen bind bari na ay yàq.
Féliciter	Jaajëfal	Maa ngi leen di jaajëfal ci ndam li ngeen am ci jojante bi.
Féminin	Jigeene	Tubaabay jeriñoo jigeene ngir ràññatle turi bokkoo yi.
Fermer	Tëj	Tëjal këmbu xala gi.
Fête	Feet g-	Bindal ab jukki bu gàtt nettali feet goo fekke.

Feuille (papier)	Kayit g-	Bindal ci ag kayit araf yi ngajàng.
Février	Feeuwirye	Feeuwirye mooy weer wi gën a gàtt ci weer yi.
Fiche	Xob b-	Li ma war a jàngale, dama koy waajal, bind ko ci aw xob.
Fiche de critères de réussite	Xobu sàrti jubal	Sukkandikuleen ci xobu sàrti jubal wi, bindaat jukki bi.
Fiche pédagogique	Xobu doxalinu njàngale	Direktéer mooy xoolal jàngalekat yi seeni xobi doxalinu njàngale.
Fille	Janq b-	Faaatu leegi ab janq la ; am na fukki at ak juroom-ñett.
Fin	Mujjantal g-	Xew-xew bii àggul ; yokk ci ag mujjantal.
Finir	Jeex, jeexal, jeexe	Jeexalal pàccu jukki bi nga doon jàng.
Fluide	Rattax	Jàngal jukki bi njàng mu rattax.
Fluidité	Rattaxaay b-	Tey, ci rattaxaayub njàng lanuy liggeey.
Fonction	Taxawaay	Ban taxawaay la baat bii am ci kàddu gi ?
Formation syllabique	Tëggum dogi baat	Tëggum dogi baat bokk na ci jéegoy njàngum tey mi.
Forme affirmative	Waxinu dëggal	Bindleen ay kàddu ci waxinu dëggal.
Forme négative	Waxinu weddi	Soppileen kàddu gi ci suuf ci waxinu weddi.
Forme de phrase	Melog kàddu w-	Waxinu dëggal ak waxinu weddi dinañu leeral melog kàddu wi.
Former des syllabes	Tëgg ay dogi baat	Jëfandikooleen araf yi, tëgg ay dogi baat.
Former un mot	Tëgg ab baat	Jëfandikool dogi baat yi, tëgg ab baat.
Fréquent	Faral di déllusi	Tey, suba, ngoon ay baat yuy faral di dellusi ci ab nettali lañu.
Futur	Ëllëg	Demalal waxe bi ci jamono ëllëg.
G		
Gagner	Am ndam	Ku am ndam, dina am neexal bu doon.
Garçon	Xale bu góor b-	Xale bu góor bi ak xale bu jigeen bi ñoo yem àq.
Gémination	Ceexalu coowe b-	Ceexalug coowe yi lanuy jàng tey.
Géminer	Seexal coowe	Ci baatu « biddiw », dañu seexal coowe « d ».
Genre	Nekkinu tur w-	Ci tubaab, nekkinu tur mooy ràññatle góore ak jigeene.
Gestuel	Pasin g-	Pasin, bokk na ci ni nit mën a waxe.
Glisser son doigt sous le mot	Dawal sa baaraam ci suufu baat bi	Dawalal sa baaraam ci suufu baat bi.
Grammaire	Róofoo-gi-baat	Tey, ci róofoo-gi-baat, taxawaayu tur lanuy jàng.
Grammaire de l'histoire	Tëralinu nettali w-	Tëralinu nettali wi ci màndargay jukii bi la bokk.
Graphème	Jëmmu araf j-	Ay jëmmu araf ñoo nekk ci baat yi.
Graphie	Rëddin w-	Bala ngaa sotti araf wi ci sa kaye, xoolal bu baax rëddin wi.
Graphisme	Rëddantu	Ci rëddantu, jàng nanu ci ay tomb, ay poŋ, ay rëdd ak ay balamaan.
Grille de suivi	Këraleg caytu	Dinaa jëfandikoo këraleg caytu gi ngir feeñal fu elew bu nekk tollu.
Grille d'analyse	Këraleg càmbar	Mottalileen kërug càmbar gi.

Grille/tableau	Kërale g-	Jàngal baat yi ci kërale gi.
Groupe	Kureel g-	Defleen juroomi kureel ; kureel gu ci nekk na def fukki elew.
Groupe de renforcement	Kureelug dëgëral g-	Tey, kureelug dëgëral gi mooy jëfandikoo jukki bu bees bi.
Groupe de besoin	Kureelug bokk jafe-jafe g-	Danuy xaaj elew yi ci ay kureeli bokk jafe-jafe.
Groupe de souffle	Baati genn no	Soo dee jàng ay kàddu, dangay bàyyi xel bu baax ci baati genn no yi.
Groupe nominal	Mboole tur m-	Mboole tur dafay am tur ak toftal.
Groupe rythmique	Mboole galanu m-	Mboole galanu ay mboole baat la yu ñu mën a waxandoo ci genn galan.
Groupe verbal	Mboole waxe m-	Sottil kàddu gi te koñ-ñeental mboole waxe yi
Guide pédagogique	Sukkandikukaayu njàngale b-	Sukkandikukaayu njàngale bi Joxe na yoon wi ñuy jaar ci lesøy bu nekk.
Guillemets	Këmbu kepp	Defal ci këmbu kepp waxy jàmbur ji nga indi ci jukki bi.
H		
Haut	Kaw/Kow	Waxal li féete ci kaw lan la.
Hésitation	Nakk-nakkal g-	Nakk- nakkal gi tax na ma foog ne ménul.
Heure	Waxtu w-	Waxtu jàng ci téere kér yi jot na.
Heure de conte	Waxtu léeb w-	Bu ngeen gontee, am ngeen waxtu léeb.
Hier	Démb	Démb, tey ak suba ay jokkalekaay-jamono lañu.
Histoire	Nettali b-	Teewluleen ma dégtal leen ab nettali.
Homographe	Bokk mbinding	Làkki réew mi ak tubaab bari nañu araf yu bokk mbinding.
Homographe non homophone	Bokk mbinding wuute ndégtu	Làkki réew mi amul bokk mbinding wuute ndégtu ; tubaab a ko am.
Homonyme	Bokk tur	Jén wi dëkk ci géej ak jén wi ñuy samp ñoo bokk tur.
Homophone	Bokk ndégtu	Ci wolof, bokk ndégtu yépp ñoo bokk mbinding.
Horaire	Tëralinu waxtu yi	Minsteer bi yor njàng mi moo joxe tëralinu waxtu yi ci ekool yi.
Huit	Juroom-ñett	Ubbileen seen téere ci xëtum juroom-ñett.
Huitième	Juroom-ñetteel	Juroom-ñetteelu lesøy bi lañu tollu tey.
Hypothèse	Njort l-	Xoolleen nataal bi te joxe njort yi ngeen am ci finit ñi nekk ak li ñuy def.
I		
Idée	Xalaat b-	Na ku nekk ci yeen joxe xalaatam.
Idée générale	Xalaat bi gën a fés	Jàngaatleen jukki bi te wax xalaat bi ci gën a fés.
Identifier	Ràññee	Ràññeeleen jëmm ji gën a fés ci jukki bi.
Illustration (preuve)	Firnde j-	Luy firndey sa tontu ?
Illustration (image)	Nataal b-	Xoolleen bu baax nataal bi.
Illustrer	Firndeel	Firndeelal sa tontu.
Image	Nataal b-	Seetluleen bu baax nataal bi.
Imiter	Toppando	Toppandooleen ma ni ma leen ko wonee.

Impératif	Santaane l-	Defeleen santaane li ni ma leen ko waxe.
Imperfectif	Sotteedi	Rëdd-suufal waxe yi sotteedi ci jukki bi.
inaccompli	Sotteedi	Rëdd-suufal waxe yi sotteedi ci jukki bi.
Indéfini	Ràññeediku	Am na ay baat yoo xam ne dañuy taxaw taxawaayu mändarga mu ràññeediku
Indexer	Joxoñ	Joxoñal baat bi ma tudd.
Indice	Tegtal b-	Yan tegtal nga am ci jukki bi ?
Indice de classe	Toftal b-	Toftal mooy giiral tur wi.
Indigo	Baxa b-	Baxa ci wirgo yi la bokk.
Individuellement	Kenn kenn	Defleen liggeey bi kenn kenn.
Infinitif	Màndarga waxe	Màndarga waxe ci tubaab rekk la am.
Information	Xibaar b-	Yan xibaar la pàccu jukki bi ëmb ?
Information explicite	Xibaar bu fés	Tey dañuy jàng nu ñuy génnee xibaar yi fés ci ab jukki.
Informer	Xamle	Kàddu gi, lan lay xamle ?
Insérer	Dugal	Dugalal ci diggante ñaari baat yi rëddu boole.
Instruire	Jàngal	Xale dañu ko war a jàngal.
Intégration	Mooñaale g-	Su ab pàccu njàng jeexee, ci lañu war a dem ci mooñaale gi.
Intégrer	Boole mooñ	Ginnaaw bu ñu jànggee lu bari te mën a ànd dañuy boole mooñ.
Intention de communication	Yéeneb jokkoo j-	Muse Juuf wax na elew yi yéeneb jokkoo ji ci ndoortel lesøy bi.
Interdire	Tere	Muse dafay tere ku tilimal téereem.
Interjection	Jalu b-	Su ma nee : « Hee ! » Hee ! ab jalu la.
Interligne	Diggante sàppe	Soo dee bind, na diggante sàppe ak moroom ja féex.
Interlocuteur	Aji-weccante kàddu j-	Kuy waxtaan, dafa war a déglu bu baax aji-weccante kàddu ji.
Interpeler	Laaj	Kilifay ekool bi laaj nañu leen ci bër yu bari yi.
Interrogatif	Laaj	Kàddu gi jeexe ab tomb laaj dafay tegtale ab laaj.
Interroger	Laaj	Laaj naa leen ñaata dogi baat ñoo am ci baat bi.
Intonation	Waxin j-	Soo dee jàng kàddu, danga koo war a jàng ci waxin ji mu laaj.
Intrigue	Demalinu nettali w-	Kan ci yeen moo ma mën a wax demalinu nettali wi ?
Introduction	Ndoorte l-	Soo dee bind jukkib nettali, bàyyil xel bu baax ci ndoorte li.
Introduire	Door	Dooral nettali bi ci li xew, fu mu xewe ak kañ la xew.
Intrus	Jóox	Jàngal kàddu yi te génne li ci jóox.
Invitation	Përye b-	Yaay, ekool dañuy def feet, kàrt wii ñu la jox mooy përye bi.
Inviter	Përye	Góornamanu ekool bi ñoo leen di përye ci jojante gëstu bi.
Invraisemblable	Yanuwul maanaa	Kàddu gi nga dégg yanuwul maanaa.

Italique	Mbind mu daar	Mbind mu daar mën naa fésal ay baat ci biir kàddu.
J		
Janvier	Sanjwiye	Benn fan ci sanjwiye mooy bés bi jëkk ci at mi.
Jaune	Mboq/Nete	Raayab réewum Senegaal ñetti cuub la am : wert, mboq ak xonq.
Je fais – Nous faisons – Tu fais	Ma def - Nu defandoo - Nga def	Njàngale mi ñetti wos la : Ma def - Nu defandoo - Nga def.
Jeu	Po m-	Defaral ab jukki, wax ci powum baay-xaal naka lay deme.
Jeu de rôles	Powum njàngantu	Ayca, ubbileen téere yi, nu def powum njàngantu !
Jeudi	Alxames	Alxames dingeen gën a dëgëral seen njàng ci téere tånk-ndånk yi.
Jeux de mots	Powum nasum baat	Ngir tåggat leen ci defar kàddu, dinaa leen defloo powum nasum baat.
Jouer	Fo	Bu njàng mi tåmbalee, bu kenn nekk di fo.
Jour	Bés	Bés bu nekk, su ngeen wàccée, jëlleen seen téere kér jàng ci.
Journal	Surnaal/Yéglekaay	Yéglekaay yi bind nañu nettali xew-xewu fuwaaru Ndakaaru bi.
Journée	Bés	Talaata ak alxames, bés bi yépp la elew yi di jàng.
Juillet	Sulet	Fanweeri fan ak benn ci sulet la ekool war a tøj.
Juin	Suwej	Weeru suwej mu ngi topp ci weeru me.
Juste !	Jub na !	Waaw kay Faatu, sa tontu jub na !
Justifier	Firndeel	Anta, ndax mën ngaa firndeel sa tontu ?
L		
Là-bas	Fale/Fee	Fale la téere ya nekk.
Langage	Waxin	Waxin dafa war a leer te set.
Langue	Lakk w-	Wolof lakk wu xóot la.
Langue et Communication	Lakk ak jokkoo w-	Lakk ak jokkoo ci sunu njàng la bokk.
Langue maternelle	Lakk wu ñu nàmp w-	Nun, wolof mooy lakk wi nu nàmp.
Langue seconde	Ñaareelu lakk w-	Fii, pulaar mooy sunu ñaareelu lakk.
Langue première	Lakk wu jëkk w-	Wolof mooy sunu lakk wu jëkk.
Lapin	Lëg g-	Tegal sa baaraam ci suufu lëg gi.
Leçon	Lesoñ b-	Jàng nanu sunu lesoñ ba mu mokk.
Lecteur	Jàngkat b-	Gone gi jàngkat bu xareñ la.
Lecture à haute voix	Jàngum biral m-	Bu ngeen yeloo ba noppo, nu def njàngum biral.
Lecture audible	Njàng mu déguu m-	Njàng mu déguu dafay tax ñu xam li ngay wax.
Lecture collective	Njàngum mbooloo m-	Ayca, nu def njàngum mbooloo !
Lecture courante	Njàng mu ratax m-	Balaa at mi di jeex, ku nekk war naa jàng njàng mu ratax.
Lecture expressive	Njàng mu leer m-	Balaa at mi di jeex, ku nekk war naa jàng njàng mu leer.
Lecture fluide	Njàng mu jub te gaaw	Li ma bëgg mooy ngeen jàng njàng mu jub te gaaw.

Lecture individuelle	Njàngum kenn-kenn	Ayca, nu def njàngum kenn-kenn !
Lecture initiale	Njàngum tàmbali m-	Porogaraam Na Ñépp Jàng mu ngi nuy jàppale ci njàngum tàmbali.
Lecture magistrale	Njàngum jàngalekat m-	Teewluleen ma def njàngum jàngalekat !
Lecture modèle	Njàngum wone m-	Teewluleen ma def njàngum wone !
Lecture par paires	Njàngum ñaar-ñaar m-	Leegi nag defleen njàngum ñaar-ñaar.
Lecture Pour Tous	Na Ñépp Jàng	Porogaraam Na Ñépp Jàng moo nu jox téere yi.
Lecture précise	Njàng mu jub	Njàng mu jub war na ku nekk ci yeen.
Lecture silencieuse	Njàngum yelu m-	Ayca, nanu def njàngum yelu !
Lecture-écoute	Njàng-déglu m-	Bu nu tolloo ci njàng-déglu mi, elew bu nekk dafa war a teewlu.
Lecture-écriture	Njàng ak mbind m-	Tey, dinanu door njàng ak mbind.
Légende (d'une image)	Tekkib nataal	Defal ab tekkib nataal ci nit ki nekk ci tiket bi ñu la jox.
Lentement	Ndank-ndank	Jàngal jukki bi ndànk-ndànk.
Lettre	Araf w-	Xoolleen araf wi bu baax.
Lettre (correspondance)	Bataaxal b-	Njàng dina tax nga mën a bind bataaxal.
Lettre capitale	Araf wu mag w-	Araf wii, araf wu mag la.
Lettre majuscule	Araf wu mag w-	Araf wii, araf wu mag la.
Lettre minuscule	Araf wu ndaw w-	Araf wii, wu ndaw la.
Lexique	Sàqum baat m-	Bala ngeen a bind jukki, nangeen wut sàqum baat mi ngeen soxla.
Liaison	Jokkale b-	Am na ay baat yu mën a def jokkale ci kàddu yi.
Lieu	Bérëb b-	Ekool bérëbu sàkku xam-xam la.
Ligne	Rëdd w-	Toppal rëdd wi sooy bind.
Ligne brisée	Rëdd wu dammatu w-	Soo bëggee bind w, jaar ko ci rëdd wu dammatu.
Ligne horizontale	Rëdd wu tëdd w-	Liiñ gi ñiy weer am poot, rëdd yu tëdd lañuy nirool.
Ligne verticale	Rëdd wu taxaw w-	Soo dee bind I (bu mag), rëddal rëdd wu taxaw.
Lion	Gaynde g-	Demal ci suufu gaynde gi, nga teg sa baaraam ci biddiw bi.
Lire	Jàng	Jàngal kàddu gi.
Lire à haute voix	Biral	Biralal jukki bi.
Lire à voix basse	Jàng ci suuf	Na ñépp jàng ci suuf.
Lire d'un seul trait	Jàng-boole	Jàng-booleel kàddu gi.
Lire silencieusement	Yelu	Na ñépp yelu jukki bi.
Liste (des rangées)	Lim b-	Sottil limu laaj yi ci sa àlluwa te tontu laaj yi.
Livre	Téere b-	Ubbileen seen téere yi.
Livret de maison	Téere kér b-	Seeni waajur, ci téere kér yi lañu leen di jàppalee.
Livret décodable	Téere ijji b-	Téere ijji bi am na jukki yu gàtt.
Livret gradué	Téere tànk-ndànk b-	Ubbileen seen téere tànk-ndànk.

Locuteur	kiy wax	Tuddal ki war a wax.
Locution	Waxin w-	Bàyyileen xel ci waxin wi.
Longueur	Guddaay g-	Soo dee bind, bàyyil xel ci guddaayu kàddu gi ; bu mu èpp lool, na yem.
Longueur vocalique	Guddaayu woye g-	Guddaayu woye dafay leeral kàddu.
Lundi	Altine j-	Ayu-bés gi mu ngi tàmbalee ci altine ji.
Lune	Weer w-	Tegal sa baaraam ci sàppe weer wi te jäng.
M		
Mais	Waaye	Kii dafay bind waaye yaw ubbil sa téere jäng.
Maître	Jàngalekat bu góor b-	Jàngalekat bu góor am na ci ekool bi.
Maitresse (d'école)	Jangalekat bu jigeen b-	Jangalekat bu jigeen am na ci ekool bi.
Mal	Baaxul !	Baaxul de, jéemaatal !
Malette	Waxande s-	Biro direktéer am na as waxande téere.
Manipulation	Jeriñoo g-	Jeriñoo baat yi ak araf yi mooy nàmm xel.
Manuel de classe	Téere kalaas b-	Ubbileen seen téere kalaas.
Mardi	Talaata j-	Suba la talaata.
Mars	Màrs	Weeru màrs lañuy dem Pàrk Aan.
Masculin	Góore	Tur wu góore ci tubaab la am.
Matériel	Jumtukaay b-	Deeleen sàmm seeni jumtukaay.
Matériel collectif	Jumtukaayu mbooloo b-	Jumtukaayu mbooloo, kenn du ko yàq.
Matériel didactique	Jumtukaayu njàng b-	Sunu kalaas am na ay jumtukaayi njàng.
Matériel pédagogique	Jumtukaayu njàngale b-	Sunu kalaas am na ay jumtukaayi njàngale.
Matière (discipline)	Fànnu njàng w-	Fànnu njàng wi nu toll neex na ndongo yi.
Matin	Suba s-	Suba teel la elew yi di dem ekool.
Au maximum	Gën-gaa bari	Tëggal ma ñetti kàddu gën-gaa bari.
Médiocre	Yées	Moytul sa liggeey yées li nu soxla.
Mélanger	Jaxase	Damay jaxase baat yi, ngeen jubanti kàddu gi.
Mémoriser	Mokkal	Faatu mokkal na lesojam.
Mercredi	Àllarba j-	Àllarba lañuy door kómboo yi.
Méthode	Amalin w-	Amalinu njàng wi tax na elew yépp xereñ.
Méthode syllabique	Amalin wu aju ci dogu baat w-	Amalin wu aju ci dogu baaat wi tax na elew yi mën a jäng ay baat ci lu yomb.
Mets ton doigt sur ...	Tegal sa baaraam ci	Tegal sa baaraam ci suufu biddiw bi.
Mettre en commun	Boole	Gannaaw ba ngeen liggeeyee kenn-kenn, leegi dangeen di boole li ngeen def.
Mettre en relation	Jokkale	Jokkaleel tontu lu nekk ak laajam.
Midi	Midi	Ki duggi woon dafa naaje ; midi ca ja ba la ko fekk.
Milieu	Digg b-	Jàngal ba ci digg bi, jox ki nga dendal mu yeggali.

Minimum	Gën-gaa néew	Tëggal ma ñaari kàddu gën-gaa néew.
Minute	Simili s-	Am ngeen juroomi simili ngir def liggeey bi.
Mode (conjugaiso)	Demalin yu lëkkoo	Mboolem demalin yu lëkkoo ñooy bokk benn jëmu.
Modelage	Jëfu tegtal j-	Xoolleen jëfu tegtal ji ni ma koy defe, su ma noppee nu àndando ko.
Modèle	Royukaay b-	Wëlbatil kàddu yi sukkandiku ci royukaay bi ñu la jox.
Modélisation	Jëfu tegtal j-	Jëfu tegtal ji dina tax ngeen gën a xàmmee baat yi.
Modéliser	Jëf-tegtal	Damay jëf-tegtal, su ma noppee nu àndando.
Monde de l'écrit	Jataayu téere ak mbind b-	Miin jataayu téere ak mbind bokk na ci yi ngeen war a jëkke ci njàng.
Mois	Weer w-	At mi fukki weer ak ñaar la am.
Monologue	Waxi kenn j-	Déglul Jaxeer ak waxi kennam ji.
Morale d'une histoire	Njàngat I-	Lan njàngat ngeen jële ci jukki bi ?
Mot	Baat b-	Ku may jàngal baat bii ?
Mot à mot	Baatoo-baat	Jàngal li nga bind baatoo-baat.
Mot clé	Baatu tånnœef b-	Baatu tånnœef bi taxu koo yomb.
Mot composé	Baat bu sofu b-	Baat bii, baat bu sofu la.
Mot de liaison (mot lien)	Baatu lëkkale	Wëraleel baatu lëkkale yi nekk ci jukki bi.
Mot difficile	Baat bu jafe b-	Dégluleen ma tekkil leen baat yu jafe yi.
Mot familier	Baat bu miinu b-	Ku may jox ñaari baat yu miinu ?
Mot inventé	Baat bu sosu b-	Jàngal baat yu sosu yi nekk ci kërale gi.
Mot simple	Baat bu sofwul b-	Génneelleen ma ab baat bu sofwul ci jukki bi.
Mot-lien	Baatu lëkkale b-	Ndax jukki bi am na ay baati lëkkale ?
Motivation	Xiirtal g-	Waaw Móodu, li nga def lan mooy xiirtal gi ?
Mots croisés	Baati ràbbe	Dinaa leen jox ag tàggatu, jaar ko ci baati ràbbe.
Mots de même famille	Giiru baat	Ñaari baat yi ñoo bokk giiru baat.
Mot difficile	Baat bu jafe b-	Ku may jox benn baat bu jaafe ?
Mot introducteur	Baatu ndoortel b-	Jukki nettali dafay am baatu ndoortel.
Mouton	Xar m-	Tàmbalil a jàng ci sàppe si janoo ak xar mi.
Moyenne	Moyen b-	Ku am moyen, sa jaan wàcc na ci natt bi.
N		
Narrer	Nettali	Li xew ci jukki bi laay nettali.
Nasal	Nosal	Araf bi dañu koy nosal.
Nature	Xeet w-	Jukki bi ci ban xeet la bokk ?
Nature grammaticale	Xeet ci róofoo-gi-baat	Tey dinanu jàng xeet ci róofoo-gi-baat.
Type de texte	Xeetu jukki w-	Lan mooy xeetu jukki wi ?
Neuf	Juroom-ñeent	Ku may limal ba juroom-ñeent ?
Neuvième	Juroom-ñeenteel	Tey mooy sunu juroom-ñeenteelu lesoj.

Niveau	Jéego b-	Tey lanuy tambale jéego ñaar ci téere ijjì tànk-ndànk bi.
Niveau d'ancrage	Tolluwaayu campu b-	Ci tolluwaayu campu bi laay ame baat biy tax jàll ci weneen làkk yomb.
Noir	Ñuul	Gone gaa ngi sol yére bu ñuul ci nataal bi.
Nom	Tur w-	Ku may wax turu gone gi ?
Nom abstrait	Tur wu jëmmuwul w-	Ñaasal ci suufu tur yu jëmmuwul yi.
Nom commun	Turu bokkoo w-	Turu bokkoo mën naa wone nit, mbaa mala, mbaa mbir.
Nom commun d'animal	Turu bokkoo mala w-	Wëraleel turu bokkoo mala yi ci kërale gi.
Nom commun de chose	Turu bokkoo mbir w-	Wëraleel turu bokkoo mbir yi ci jukki bi.
Nom commun de personne	Turu bokkoo nit w-	Napkat, jaaykat, mason ay turi bokkoo nit lañu.
Nom propre	Turu aakimoo w-	Ku ne ci yeen am na turu aakimoo.
Nombre	Lim b-	Joxel limu baat yi ci kàddu gi.
Nommer	Tudd	Na ku ne ci yeen tudd araf yii.
Non-homographe	Wuute-mbindin	Làkku wolof amul ay wuute-mbindin.
Non-homophone	Wuute-ndégtu	Ràññeel baati wuute-ndégtu yi.
Norme	Sàrt w-	Nasum mbind dafa war a lalu ci ay sàrt.
Note (écrite)	Mbindu jàpp	Ayca, nanu def mbindu jàpp !
Note (points)	Natt b-	Ayubés bii di nEW, ku ne dina xam sa natt.
Noter	Natt	Jàngalekat bi dafay natt ndongo yi bés bu ne.
Notice	Gindikaay b-	Boo demee kér doktoor, dina la jox ab gindikaay.
Novembre	Noowàmbar	Bés bu jékk ci weeru noowàmbar ekool dafay bér.
Nuit	Guddi g-	Waxal ndax nataal bi guddi la wala bëccëg.
Numéral	Limu	Soo dee natt, dangay jëfandikoo lu limu.
Numéro	Limu tiket b-	Limu tiketu xët bi mooy juroom-ñaar.
Numérotation	Lim tiket	Suba, dingeen tàmbalee jàng bind lim tikke.
O		
Objectif	Jëmu b-	Dégluleen ma wax jëmu njàng bi bala noo tàmbali.
Objectif (de la leçon)	jëmu (leson b-)	Tey, jëmu leson bi mooy njàng mu ratax te gaaw.
Objectivation	Leeral jëmu b-	Ci leeral jëmu bi, lañuy fésale sàrti làkk yi.
Objet (de la leçon)	Ëmb b-	Ayca, ku may wax ëmbu leson bi weesu ?
Observateur	Seetlukat b-	Dinaa tann ci kureel gu ne benn seetlukat.
Observation	Seetlu g-	Bala ngaa jàng, war ngaa am ag seetlu.
Observer	Seetlu	Seetluleen bu baax nataal bi, su ngeen noppee ma jublu ci laaj yi.
Octobre	Oktoobar	Weeru oktoobar la ubbite ekool.
Omission	Tëb b-	Defleen seeni tåggatu te bu kenn tëb ab laaj.
Onze	Fukk ak benn	Am naa fukk ak benni poñ.
Onzième	Fukk ak benneel	Bii mooy fukk ak benneelu ndaje bi.

Or (conjonction de coordination)	Te/Waaye	Danga teel a dugg te dañu ne la woon nga xaar.
Oral	Waxu	Defleen ay jukki yu waxu ma dégg.
Oralement	Ci wax	Tontuleen laaj yi ci wax.
Orange (couleur)	Guro	Ku may won wirgo wu guro ci kalaas bi ?
Ordinal	Toppante	Ñaareel, ñetteel, ñeenteel, ay lim yuy toppante lañu.
Ordonner	Toftale	Toftaleel baat yi ci kàddu gi.
Ordre	Toftalin	Lesoju bés bi dina wéy ci ñaari toftalin.
Ordre alphabétique	Toftalante-abajada g-	Ci toftalante-abajada laay saytoo ki ñew ak ki ñewul jàngisi.
Orthographe	Tëralinu mbind	Elew bu ne war naa góor-góorlu ci xam tëralinu mbindu lakkam.
Ou	Walla	Bindal ak kew bu weex walla bu xonq ci àlluwa ju mag ji.
Où ?	Fan ?	Fan la mbir mi xewe ?
Ouest	Sowu b-	Sama dëkkandoo bi sowu la jóge.
Outil de classe	Jumtukaayu kalaas	Ubbileen seeni jumtukaayi kalaas.
Ouvrir	Ubbi	Ci kanam, dingeen jàng nu nuy tënkee pàccu jukki.

P

Page	Xët w-	Demleen ci xët wu jëkk wi.
Palier	Jéego b-	Ci ñetteelu jéego bi lanuy jàng jukki bi.
Papier	Këyit /Kayit	Seen jumtukaayi kalaas yii këyit lañu leen defare.
Paragraphe	Pàccu jukki	Ci kanam, dingeen jàng benn pàccu jukki.
Parce que	Ndaxte	Mari ak Badoo ngi bég ndaxte seen koñ dafa am ngénte.
Parenthèses	Këmbu xala	Ku may jàngal li ne ci këmbu xala bi ?
Parler	Wax	Direktëer mu ngi wax ak muse yi.
Parole	Wax j-	Looy wax na doon lu am njariñ.
Partenaire	Aji-jëflante	Na ku ne ci yeen waxtaan ak sa aji-jëflante.
Participer	Bokk	Na ñépp bokk ci liggeey bi.
Partie	Wàll w-	Yeluleen ñaareelu wàllu jukki bi.
Passable	Yemamaay	Njoyyantig boole dina faj njàng mu yemamaay.
Passage	Pàcc	Teewluleen ma jàng pàcc bi.
Passé	Weesu	Tey wuute na ak jamono weesu.
Pause	Aj b-	Su aj bi weesoo, ngeen dellu ci liggeey bi.
Pédagogie	Njàngalinu xale w-	Njàngalinu xale lu am a am solo la ci kalaas.
Performant	Jàmbaare	Waawaaw, Anta ku jàmbaare la !
Personnage	Jëmm j-	ku may wax ñaata jëmm ñoo ne ci jukki bi ?
Personnage principal	Jëmm ji gën a fës	Jëmm ji gën a fës ci jukki bi kan la ?
Personnage secondaire	Jëmm ji fësul lool	Waaw, jëmm ji fësul lool ci jukki bi kan la waay ?
Personne	Nit k-	Nit, nit mooy garabam.

Peu	Tuuti	Waxtaanleen tuuti ci seen biir ngir xam li nataal bi ëmb.
Phonème	Ndégtu g-	Tey dingeen xam luy ndégtu sunu noppee ci jotaayu njàng bi.
Phrase	Kàddu g-	Diw, jàngal kàddu gi ca kaw.
Phrase clé	Kàddu tànneef	Ana kuy ñaas kàddu tanneef gi ci jukki bi ?
Phrase déclarative	Kàddu gaaral	Tey dinanu jàng luy kàddug gaaral.
Phrase exclamative	Kàddug jalu	Suba dinanu gis kàddug jalu.
Phrase impersonnelle	Kàddu gu jëmmoodi	Lesoju bés bi mu ngi jëm ci kàddu gu jëmmoodi.
Phrase impérative	Kàddu digle	Kàddug digle dafa lay wax li nga war a def.
Phrase nominale	Kàddu gu amul waxe	Bindal genn kàddu gu amul waxe ci sa arduwaas.
Phrase verbale	Kàddu gu am waxe	Ku may won kàddu gu am waxe ci àlluwa ju mag ji ?
Pictogramme	Nataalu yombal b-	Ci seen téere kalaas, am na ay nataali yombal.
Marque-page (signet)	Màndarga xët	Bala ngeen a wàcc, dugalleen seen màndarga xët ci fi ngeen yem.
Planche de l'alphabet	Alluwa abajada j-	Teewluleen ma woy ci àlluwa abajada ji.
Planification	Tëralin	Sunu tëralinu weer wii dina lalu ci juroomi poñ.
Pluriel	Bareel	Rëddal baat yi ci kàddu gi te ñaas yu bareel yi.
Plus	Yokk	Déglu li muse di wax dafay yokk sa xam-xam.
Plus ... que	Gën a ...	Jàng moo gën a baax fo.
Plus court	Gën a gàtt	Garab gii moo gën a gàtt garab gale.
Plus grand que	Gën a rëy/njool	Sunu ekool moo gën a rëy bu waa koñ bee.
Plus léger	Gën a woyof	Wëtteen moo gën a woyof suuf.
Plus long	Gën a gudd	Baaraamu sànnikaay moo gën a gudd baaramu déy.
Plus lourd	Gën a diis	Doj moo gën a diis xob.
Poème	Taalif b-	Taalif bi neex na !
Point	Tomb b-	Tomb mooy jeexal ag kàddu.
Deux points	Tomb-ñaar	Bindleen genn kàddu gu am tomb-ñaar.
Point d'ancrage	Campuwaay b-	Ci campuwaay bi lañuy sukkandiku ngir jàll ci tubaab.
Point d'exclamation	Tomb-jalu b-	Ñaata tomb-jalu ñoo ne ci jukki bi ?
Point d'interrogation	Tomb-laaj b-	Ñaata tomb-laaj ngeen gis ci jukki bi ?
Point final	Tomb-jeexal b-	Su ngeen déggee tomb-jeexal, xamleen ne fite bi egg na.
Point-virgule	Tomb-kos b-	Wëraleel bépp tomb-kos ci pàccu jukki bi.
Pointer du doigt	Teg baaraam	Tegal baaraam ci suufu lëg gi.
Points de suspension	Tombi wéyale	Fu ngeen gisee tombi wéyale, xamleen lu ñu indiwul la.
Poisson	Jén w-	Demal ci suufu jén wi, nga jàng sàppe si.
Ponctuation	Tombin b-	Tombin lu am solo la ci njàng.
Portion d'un texte	Pàccu jukki m-	Ayca, yeluleen pàccu jukki bi !

Position finale	Péeteg njeexital	Kan moo ma mën a jox baat bu am « P » ci péeteg njeexital ?
Position initiale	Péeteg ndoorte	Kan moo ma mën a jox baat bu am « R » ci péeteg ndoorte ?
Position médiane	Péeteg digg	Kan moo ma mën a jox baat bu am « F » ci péeteg digg ?
Possesseur	Aji-moom j-	Aji-moom ju nekk war naa sàmm li mu moom.
Possessif	Moomeel	« Sama, sa, -am, sunu, seen » danuy wane moomeel.
Post-écoute	Ginnaaw déglu	Ginnaaw déglu mooy jiitú déglu.
Post-réécoute	Ginnaaw dégluwaat	Ginnaaw dégluwaat mooy nekk ci mujjantal ba.
Pouce	Baaraamu déy b-	Ku nangu li ma wax na yékkati baaraamu déyam.
Pourquoi ?	Lu tax ?	Lu tax nga wax ko ?
Poussin	Cuuj b-	Tegal sa baaraam ci cuuj bi te jàng sàppe si.
Pratique autonome	Jëfal sa bopp	Ku ne na liggeey te jëfal boppam ci sumb bu njëkk bi.
Pratique guidée	Jëf ju ànd ak ndimbal	Tey njàng mi dafay lalu ci jëf ju ànd ak ndimbal.
Pré-écoute	Lu jiitú déglu	Maa ngi jël sama téere nàmm déggin ; ngeen def lu jiitú déglu.
Pré-lecture	Waajal njàng m-	Leegi nag, nanu dem ci waajal njàng mi.
Pré-réécoute	Waajal dégluwaat g-	Leegi, nanu door li jëm ci waajal dégluwaat gi.
Précision	Njub g-	Boo dee jàng, bàyyil xel ci njub gi.
Prédire	Jëli	Kan moo mën a jëli li topp ci nettali bi ?
Préférer	Taamu	Ku ne ci yeen na wax li mu gën a taamu.
Préfixe	Sëf-bopp b-	Sëf-bopp ci kanamu baat lay nekk.
Premier	Jëkk	Altine moo jëkk ci bés yi.
Premier jet	Njéem benn g-	Bu ngeen noppee ci njéem benn gi, nu jàll ci waxtaan wi.
Prénasale	Arafu nosal	M ak N lañuy jëfandikoo ngir tègg ay arafi nosal.
Prénom	Turu nit	Joxeel benn turu nit.
Préparer	Waajal	Waajalal nattu ndoorte li.
Près de	Ci wetu	Picc maa ngi ci wetu garab gi.
Présent(e) !	Maa ngii !	Neel maa ngii !
Présent (temps de conjugaison)	Jamono teew	Defaral kàddu yi ci jamono teew.
Présenter	Wone	Woneel li nga bind.
Principe alphabétique	Cëslaayu abajada b-	Cëslaayu abajada bi am na solo ci liifantu.
Problème	Jafe-jafe b-	Saafaraal jafe-jafe yi.
Procédure de classe	Doxalinu kalaas w-	Jàngalekat dafa war a xam doxalinu kalaas wi.
Production attendue	Mbind mi ñu séentu	Elew dafa war a mën mbind mi ñu séentu.
Production collective	Mbindum mbooloo	Mbindum mbooloo dafay yombal njàng.
Production d'écrits	Nasum mbind	Tey, danuy jàng nasum mbind.
Programme	Tëralinu njàng m-	Jàngalekat dafa war a xam tëralinu njàng mi.

Progression	Doxin	Doxinu njàng dafa war a leer.
Projet d'écriture	Nisaru mbind g-	Ténkul ci nisaru mbind gi.
Pronom	Kuutlaay g-	Defaral kàddu yu am kuutlaay.
Pronom démonstratif	Kuutulaayu wone g-	Rédal kuutulaayu wone gi ci kàddu gi.
Pronom personnel	Kuutlaayu jémmeel g-	Kuutlaayi jémmeel yi dañuy ànd ak waxe yi.
Pronom possessif	Kuutlaayu moomale g-	Tuddal kuutlaayi moomale yi ci jukki bi.
Pronom relatif	Kuutlaayu jokkale g-	Jéfandikool kuutlaayi jokkale yi.
Prononcer	Teqale waxin	Teqaleel waxini arafi coowe yi.
Prononciation	Teqalinu waxin	Teqalinu waxin am na solo ci liifantu.
Proposition	Pàccu kàddu	Beral pàccu kàddu gi.
Proverbe	Léebu b-	Xalaatal door a tekki léebu wolof.
Pseudo-mot	Baat bu wérul	Jàngal baat yu wérul yi.
Puis	Toftal ci	Dem na Kawlaax toftal ci Kafrin.
Puisque	Ndégam	Ndégam xam nga loolu, jàmbaar dëgg nga.

Q

Quand ?	Kañ ?	Kañ la mbir mi xew ?
Quarante	Ñeent fukk	Kalaas gi am na ñeent fukki elew.
Quatorze	Fukk ak ñeent	Fukk ak ñenti xale ñoo jàpp laaj yi.
Quatorzième	Fukk ak ñenteel	Fukk ak ñenteelu xale bi jigeen la.
Quatre	Ñeent	Ñeenti at la Rama def Tugal.
Quatrième	Ñeenteel	Ñeenteelu garab gi kàdd la.
Quel ?	Lan ?	Lan mooy sa sant ?
Quelconque	Soob	Joxeel baat bu la soob.
Question explicite	Laaj bu fés	Indil laaj bu fés.
Question finale	Laaj bu mujj	Laaj bu mujj bi jafe na lool.
Question implicite	Laaj bu nëbbu	Jukki bi am na laaj bu nëbbu.
Question inférentielle	Laaju soqi	Aali tontu na ci laaju soqi bi.
Question littérale	Laaj bu leer	Tontul ci laaj bu leer bi.
Qui ?	Kan/Ñan ?	Ñan ñoo nekk ci jukki bi ?
Quinze	Fukk ak juroom	Fukk ak juroomi nit jàll nañu ci natt bi.
Quinzième	Fukk ak juroomeel	Fukk ak juroomeelu elew bi góor la.
Quoi ?	Lan/Yan ?	Lan moo xew ci jukki bi ?

R

Raccourcir	Gàttal	Gàttalal wax ji ; ténk ko ci fukki kàddu.
Raccourcir un paragraphe	Gàttal ab pàccu jukki	Gàttal pàccub jukki ba mu yem ci ay baat yombul.
Raconter	Nettalli	Nettallil mbir mi ni mu demee.
Radical	Reenu baat	Waxe yi dañu am reeni baat.

Rang	Raj	Defleen ñaari raj.
Rangée	Sàppe	Dugalal sàppe bu jëkk bi ci kalaas gi.
Ranger	Laf	Lafal jumtukaay yi ci saag bi.
Rapide	Gaaw	Mbir mi gaaw na lool.
Rapidement	Gaaw a gaaw	Jàpp na laaj bi ci lu gaaw a gaaw.
Rappel	Pàttali b-	Pàttali mooy xolu njàng.
Rappeler	Fàttali	Fàttalil boppu jukki bi.
Rappelez-moi	Fàttalileen ma	Fàttalileen ma ko ndax mu gaaw.
Raturer	Far	Faral njumte yi ci sa kaye.
Réapprendre	Jàngaat	Jàngaatal jukki bi mu gën a leer.
Rechercher	Seet	Seetal bindukaay bi.
Récit	Nettali b-	Waxal fi nettali bi mujje.
Récitation	Tari b-	Tari bi gudd na.
Réciter	Tari	Taril sa lesoñ.
Recommencer	Tàmbaliwaat	Tàmbaliwaatal mbindum kàddu gi.
Reconnaitre	Xàmmee	Xàmmeel araf yi.
Recopier	Sottiwaat	Sottiwaatal baat yi.
Récréation	Dallu b-	Demleen ci dallu bi.
Rectifier	Jubanti	Jubbantil njumte yi.
Rédaction	Mbind m-	Sa mbind mi leerul.
Rédiger	Bind	Bindal araf yi.
Réduire	Wàññi	Wàññil guddaayu jukki bi.
Réécoute	Dégluwaat b-	Teeylul dégluwaatal bi.
Réécrire	Bindaat	Bindaatal jukki bi.
Réécriture	Mbindaat m-	Mbindaat mi dese na leer.
Réemploi dirigé	Jëfandikoowaat ci ndimbal	Tekkim baat dafa am jëfandikoowaat ci ndimbal.
Réemploi libre	Jëfandikoowaat bu amul ndimbal	jëfandikoowaat bu amul ndimbal dafay tåggat elew.
Référentiel	Ngindeekukaay	Nasum mbind dafa war a am ngindeekukaay.
Réfléchir	Xalaat	Xalaatal bu baax.
Regarder	Xool	Xoolal nataal bi.
Règle (norme)	Sàrt	Sàmmonteel ak sàrti ekool bi.
Règle (outil)	Reegal b-	Jëfandikool sa reegal.
Règle grammaticale	Sàrti mbind	Sa sàrti mbind mi jubul.
Règlement	Mboolem sàrt b-	Toppal mboolem sàrt bi.
Règlement intérieur	Sàrti doxalin	Li ngay def woroo na ak sàrti doxalin wi.
Règles d'accord	Sàrti dëppale	Sàrti dëppale yi jafe nañoo jàpp.
Regrouper	Dajale	Dajaleel mbooloo ndaw ñi.

Relater	Nettali	Nettalil xew-xew bi.
Relecture	Njàngaat m-	Njàngaat mi des naa mokk.
Relever	Tànn	Tànnal toftali tur yi.
Relier	Jokkale	Jokkaleel kuutlaayu jëmmeel yi ak seeni waxe.
Relire	Jàngaat	Jàngaatal kàddu yi.
Remédiation	Njoyyanti l-	Natt mujeel war naa am njoyyanti.
Remédiation ciblée	Njoyyanti jagleel l-	Njoyyantig jagleel dinañu ko amal weer wu nekk.
Remédiation systématique	Njoyyantig boole l-	Jàngalekat bi du faral di def njoyyantig boole li.
Remédier	Joyyanti	Joyyanti seexu natt bu mujj la.
Rencontre	Ndaje m-	Ndaje mi fomm nañu ko.
Renforcement	Ndëgëral g-	Talaata ci goon bésu njàngum dëgëral la.
Renforcer	Dëgëral	Dëgëralal tåggatu njalbéen mi.
Repérer	Ràññee	Ràññeel arafi woye yi.
Répéter	Baamtu	Baamtul kàddu gi.
Répétition	Baamtu g-	Baamtu gi baax na ; dina tax nga jàpp baat bi.
Répondre	Tontu	Laajal ñatt ba juroom mi xale ñu tontu ci laaj bi.
Répondre à des questions explicites	Tontu ci ay laaj yu fés	Tay danuy jàng nu nuy indee tontu ci ay laaj yu fés.
Répondre à des questions implicites	Tontu ci ay laaj yu fésadi	Tay danuy jàng nu nuy indee tontu ci ay laaj yu fésadi.
Réponse	Tontu l-	Jox ma tontu li.
Réponse attendue	Tontu lu ñu séentu	Tontu li ñu ci séentu dégguma ko.
Reprendre	Defaat	Na ku nekk defaat li mu defoon.
Reproduire un texte	Sotti ab jukki	Tay danuy jàng naka lanuy sottee ab jukki.
Résumer	Tënk	Tay danuy jàng naka lanuy ténkee ab jukki.
Résumer un texte	tënk ab jukki	Tënkal jukki bi ci ñaari kàddu.
Retenir	Jàpp	Nanu jàpp sàrti mbind yi.
Réussir	Am ndam	Ku bëgg a am ndam ci li tuy jàng, dafay nafar lu bare.
Réviser	Nafar	Leegi nag danuy boole baat yi, nafar leen.
Révision	Nafar g-	Àjjuma lanuy sóobu ci nafar gi.
Rien	Tus/Dara	Ku ci deful dara doo am ndam ci sa njàng.
Rond	Wérngal w-	Ma sotti kàddu gi ci sama kaye te def wérngal ci baat bi baax.
Rose	Roos	Cuub bi dafa roos.
Rouge	Xonq	Farmasin bi jaay na ko wëtteen wu xonq te wow.
Routine	Tàmm a defe b-	Tàmm a defe yi nuy taxawal ñoo nuy tax a am déggin ci ab jukki.
Rythme	Galan b-	Xale bi ku dégg galan la.
Rythmé	Galanu	Nafarleen galanu kàddu gi ngir njàng mi ratax.

Sac	Saag b-	Dugal na téere bi ci saag bi.
Saison	Jamono j-	Jomono ju nekk ak la cay ñor.
Saison des pluies	Nawet b-	Jomonoy nawet sibbiru dafay bare.
Saison sèche	Noor b-	Jamonoy noor, dëkk bi dafay tàng lool.
Salir	Tilimal	Sunu gox bi ku ko bëgg a tilimal, ñu jàmmaarloo ak moom.
Salle de classe	Kalaas b- / Yéen b-	Suba su jot, xale yi bale kalaas bi.
Saluer	Nuyu	Ku nekk a ngi nuyu moroomam.
Salutation	Nuyoo b-	Bi mu agsee, dafa teey, dalal nuyoom.
Samedi	Gaawu	Dañuy bale ëttu ekool bi gaawu bu jot.
Sanction positive	Jaajëfal g-	Ku jàng bu baax, dafay am jaajëfal.
Sauter un mot	Tëb ab baat	Jàngleen jukki bi te buleen ci tëb baat.
Scander	Galanal	Galanal doggi baat yi benn benn.
Scène	Xew-xew b-	Boo dee nettali, nanga wax fi xew-xew bi ame.
Script	Mbindum teqale m-	Njàngum déggin mi danu koo tënk ci mbindum teqale.
Séance (leçon)	Jotaayu njàng b-	ci jootayu njàng mu ci nekk, dinaa tànn genn kureel gi may liggeeyal.
Second jet	Njéemu ñaareel m-	Ci jotaayu njàng ñeent bi, lanuy def njéemu ñaareel mi.
Segmenter	Dogat	Tay danuy dogat ay baat ngir am ay doggi baat
Seize	Fukk ak juroom-benn	Ubbileen seen téere ci xëtum fukk ak juroom-benn.
Seizième	Fukk ak juroom-benneel	Jàngal fukk ak juroom-benneelu sàppe si.
Semaine	Ayubés b-	Ci ayubés bi jàng nanu ci ñeenti baat.
Sens (d'un mot)	Tekkib baat	Xam tekkib baat yi moo nuy dimbali ci dawal bi.
Signification	Tekkin w-	Dégluleen ma jox leen ay baat, ngeen jox ma seeni tekkin.
Sept	Juroom-ñaar	Ubbileen seen téere ci xëtum juroom-ñaar.
Septembre	Sàttumbar	Sàttumbar mooy juroom-ñeenteelu weer ci atum tubaab.
Septième	Juroom-ñaareel	Jàngal juroom-ñaareelu sàppe si.
Séquence	Pàcc	Nafarleen li des ci jukki bi ndax mooy nekk sunu pàccu njàng ayubès bii.
Sifflet	Mbiib l-	Foofa itam nuy cëpp-cëppi, di xaar mbiibu arbit bi.
Signature	Siife b-	Indileen téere kér yi, ma def ab siife ci bu nekk.
Signe	Màndarga l-	Su ma noppee, ma joxe màndargay jukki bi.
Silhouette d'un texte	Jëmmu jukki j-	Jàngal te génne jëmmu jukki bi.
Singulier	Benneel	Rëddal tur yi ci kàddu gi te def benn ñaas ci suufu yu benneel yi.
Situation	Taxawaay b-	Ban taxawaay la jàngalekat yi am ci ndaje mi ?
Situation de communication	Cëslaayu waxtaan w-	Dégluleen ma jox leen sunu cëslaayu waxtaanu tay.
Situation initiale	Ndoortel nettali l-	Jàngleen jukki bi te jox ma ndoortelu nettali bi.

Situer	Féetale	Jàngleen jukki bi te féetale mbir yi fi ñu xewe.
Six	Juroom-benn	Ubbileen seen téere ci xëtu juroom-benn.
Sixième	Juroom-benneel	Jàngal juroom-benneelu sàppe si.
Soir	Ngoon g-	Jàngal jukki bi te wax baat yiy wonne ngoon a jot.
Soleil	Jant b-	Abiib, bi mu yeewoo tey, dafa gis jànt bi di fenk.
Son	Ndégtu b-	Dégluleen bu baax ngir ngeen man a ràññee ndégtu araf yi.
Sonore	Déggú	Ci abajada bi, dingean ca fekk ay coowe yu déggú.
Sortir	Génn	Génneelleen ma ci jukki bi ay baat yu ngeen xamul.
Souligner	Rëdd-suufal	Jàngal jukki bi te rëdd-suufal baati melool yi.
Sous	Ci suuf	Jàngal baat yi te def benn ñaas ci suufu waxe yi.
Stratégie	Pexe m-	Tay dinanu jàng pexe mu bees ngir gën a dégg jukki yi.
Structuration	Tëggin w-	Jàngleen jukki bi te jox ma tèggini wi.
Structure	Tëggin w-	Tëggini jukki bi, bu melool la.
Stylo à bille	Big/Bindukaay	Jëlleen seen bindukaay.
Sud	Bëj-saalum	Kaasamaas a nga ca bëj-saalumu réew-mi.
Suffixe	Sëf-geen	Bindleen ci seen àlluwa baat yi am sëf-geen.
Suivant	Topp	Tegal sa baaraam ci suufu baat bi ci topp.
Suivre	Topp	Jàngal jukki bi ci kaw te topp baat yi ak sa baaraam.
Sujet (d'un verbe)	Aji-jëf j-	Jàngal kàddu gi, soo noppee nga wérngal aji-jëf ji.
Sujet (de rédaction)	Sababu mbind l-	Jàngal sababu mbind mi te tontu ci sa kaye.
Texte-support	Jukkib sukkandiku b-	Kan mooy ñëw, jàngal ñu jukkib sukkandiku bi ?
Supprimer	Far	Joxleen ma baat yi ma far ci biir jukki bi.
Sur	Ci kow	Baaatu ci kow walla ci suuf dinañu wane fi am mbir tege.
Surcharge (écriture)	Tegalem mbind b-	Moytuleen tegalem mbind ; dafay tax kenn du man a jàng li ngeen bind.
Syllabaire	Téereb iiji b-	Nangeen sàmm seeni téerey iiji yi, ndax dañoo am solo.
Syllabation	Tëggum dogi baat m-	Tey, danuy jàng tèggum dogi baat.
Syllabe	Dogu baat b-	Jàngal araf yi benn-benn, boo noppee, boole jàng dogu baat bi nga am.
Syllabe à l'oral	Dogu baat ci wax b-	Defaral dogu baat ci wax.
Symbol	Màndarga b-	Tegal sa baaraam ci màndarga weer wi.
Synonyme	Bokk-tekki b-	Taaru ak rafet ay bokk-tekki lañu.
Syntaxe	Róofoo-gi-baat	Soo dee bind, bàyyil xel bu baax ci róofoo-gi-baat gi.
T		
Table	Taabab b-	Tegleen seen téere ci seen kaw taabal.
Table des matières	Këmbu téere bi	Demleen ci këmbu téere bi, xool limu xëtu jukkib tey bi.

Table-banc	Taab-al-baŋ b-	Kalaas bi am na ñaar fukki taabal-baŋ.
Tableau	Kërale g-	Jàngal araf yi ci kérale gi.
Tableau (classe)	Àlluwa ju mag j-	Ayca, kan mooy dem ci àlluwa ju mag ji, jàngal ma kàddu gi ?
Tâche	Sas w-	Kenn ku nekk ci yeen am na aw sas ; na ci nekk ba mu mat.
Taille (lettre)	Dayo (araf) b-	Soo bëggee mën a bind araf, deel bàyyi xel ci dayo bi.
Taille (personne)	Taxawaay (nit) b-	Ami dafa am taxawaay ; moo sut Yaasin.
Taille crayon	Yettukaayu kiryon b-	Abalal Badu yettukaayu kiryon.
Tamponner	Tàmpoŋ	Déglul baat bi, tampoŋ ci boyet bi dogi baat yi nekk.
Temps (qu'il fait)	Jamono j-	Jamono ju tàng lanu nekk.
Temps des verbes employés	Jamonoy waxe j-	Jàngal jukki bi te wax yan jamonoy waxe ñoo ci nekk.
Terminaison	Njeexte l-	Ag kàddoo ngi nii : Demal ! Wëraleel njeextel waxe bi.
Terminer	Jeex/ jeexe/mujje	Demal mu ngi jeexe « al ».
Texte	Jukki b-	Ren, dangeen jàng jukkiy nettali, jukkiy melool ak jukkiy digle.
Texte descriptif	Jukki melool b-	Waxleen ma mändargay jukkib melool.
Texte gradué	Jukki tànk-ndànk b-	Tey, jukki tànk-ndànk bi lañuy jànge.
Texte injonctif	Jukki digle b-	Su ekool di waaj a tøj, dinanu jàng jukkiy digle.
Dialogue	Waxtaan w-	Kaayleen jëmmal waxtaan wi dox diggante ñaari xarit ci njariñu ñakk.
Thème	Solo s-	Tey ci solos tåggat yaram lanuy waxtaan.
Tilde	Ñox w-	Soo dee bind baatu ñey, bul fàtte ñox wi ci kaw « n » bi.
Tirer des conclusions	Jèle ay njàngat ci ...	Jàngaatal jukki bi te wax lan njàngat nga ci jële.
Tiret	Rëdd wu ndaw w-	Kuy bind jukki waxtaan, bumu fàtte rëdd yu ndaw yiy door kàdduy ñiy wax.
Titre	Boppu jukki b-	Kan moo may jàngal boppu jukki bi ?
Tortue	Mbonaat m-	Tegal sa baaraam ci sàppe si am mbonaat mi te jàng.
Toucher et combiner	Laal boole	Tey ci njàng, danuy laal boole.
Tourner la page	Jàll ci xët wi ci topp	Jàngal pàcc bu mujj bi, soo noppee, nga jàll ci xët wi ci topp.
Tous ensemble !	Nun ñépp !	Nun népp, nanu ko waxandoo !
Tracer	Rëdd	Rëddal rëdd wu taxaw ci fi kàddu bu nekk yem.
Traduire	Firi	Dama leen di jox ab jukki ci tubaab, ngeen firi ko ci wolof.
Trait d'union	Rëddu boole w-	Soo dee bind baatu xam-xam, bul fàtte rëddu boole wi.
Transcrire	Dégg-bind	Damay woy, ngeen dégg-bind.
Transfert	Toxal g-	Tey njàng mi, ci ag toxal lay sukkandiku.
Transformer	Sopparñi	Sopparñil kàddu gi te nga jiital mottal bi.
Travail de groupe	Liggeeyu kureel	Defleen liggeeyu kureel ginnaaw bu ku nekk ci yeen xalaatee ba noppo.

Travail individuel	Liggeeyu kenn	Liggeeyu kenn mooy faral di jiit liggeeyu kureel.
Treize	Fukk ak ñett	Ubbileen seen téere ci xëtum fukk ak ñett.
Treizième	Fukk ak ñetteel	Suba, lañuy tåmbali sunu fukk ak ñetteelu lesoj.
Trente	Fanweer	Weeru suwen, fanweeri fan la am.
Trentième	Fanweereel	Tey la fanweereelu bés bi ci weer wi ; muse dafay dem fayeekuji.
Très bien !	Waaw góor/kumba !	Waawleen góor, waawleen kumba !
Triangle	Koñ-ñett	Tegal sa baaraam ci sàppe si am koñ-ñett bi te jäng.
Trois	Ñett	Joxleen ma ñetti baat yu tåmbalee mb.
Troisième	Ñetteel	Màrs mooy ñeetteelu weer ci atum tubaab.
Tromper (se-)	Juum	Déglu ko mu jäng, su juumee nga jubbanti ko.
Trouver	Jàpp tontu	Waaw key, noonu la ; jäpp nga tontu li !
Type de phrase	Xeetu kàddu w-	Soo dee génne mändargay jukki bi, bul fàtte xeeti kàddu yi.

U

Un	Benn	Wañni boo gis ci benn lay tåmbalee.
Un peu	Tuuti	Soo dee jäng, soo yeggee ci tomb-kos, dangay taxaw tuuti, door a jäll.
Un texte	Jukki b-	Bindal ab jukki bu ñeenti kàddu, digal ci sa xarit ni mu war a jäpp waajuram.
Prédiction plausible	Jëli gu yenu maanaa	Su kenn joxewul jëli gu yenu maanaa, dinaa leen jäppale.
Utiliser	Jëfandikoo	Jëfandikooleen baat yi, defar ag kàddu.

V

Vache	Nag w-	Demleen ci suufu nag wi.
Vendredi	Àjjuma j-	Àjjuma moo topp ci alxames.
Verbe	Waxe b-	Jængal kàddu gi te rëdd ci suufu waxe yi.
Verbe d'action	Waxe jëf b-	Bind, lekk, daw, tëb, fo ay waxe- jëf lañu.
Verbe d'état	Waxe nekkin b-	Waxe nekkin yi dañuy indi li nit walla mala yëg mbaa mel.
Vérifier	Seet	Seetleen bu baax li ngeen bind.
Vert	Wert	Tegal sa baaraam ci biddiw bu wert bi te jäng.
Vignette	Tiket b-	Xoolal tiket bi te jäng araf wi.
Vingt	Ñaar fukk	Ubbileen seen téere ci xëtu ñaar- fukk.
Vingtième	Ñaar fukkeel	Ñaar fukkeelu elew bi na jël téereeem, ñëw jäng.
Violet	Batañse/Yolet	Ki ci nataal bi, cuub gu yolet la sol.

Virgule	Kos b-	Su ngeen dee jàng kàddu ba yegg ci kos, ngeen dal.
Visage souriant	Kanam giy muuñ	Tegleen seen baaraam ci sàppe si am kanam giy muuñ.
Visualiser	Gis ci xel	Gëmmal te wax li nga gis ci sa xel.
Vitesse de lecture	Gaawaayu njàng g-	Nangeen farlu ci gaawaayu njàng gi ba bu natt baa ngeen am ndam.
Vocabulaire	Sàqum baat m-	Sàqum baat mi ngeen am, ci ngeen di jëfandiku, mu yombal mbind mi.
Voyelle	Woye w-	a, i, u, o, e, ë ay woye lañu.
Voyelle brève	Woye wu gàtt w-	« a » woye wu gàtt la.
Voyelle fermée	Woye wu tëju w-	« é » woye wu tëju la.
Voyelle longue	Woye wu gudd w-	Aa, oo, uu, ii ay woye yu gudd lañu.
Voyelle ouverte	Woye wu ubbeeku w-	À woye wu ubbeeku la.
Vraisemblable	Yenu maanaa	Dégluleen, su kàddu yenoo maanaa, ngeen yëkkati seen loxo.
Z		
Zéro	Tus	Su may bind fukk ci lim, damay bind lim benn teg ci lim tus.



